

Carita Heubeul dina Wanda Anyar

Ku Agus Suherman

Sastra téh henteu ragrag ti langit, lain biji tina beulah batu, teu gelar ti masarakat anu tuna budaya, tapi mangrupa pituin jamanna anu lahir ku rancagéan pangarang. Lebah proses kréatina, pangarang remen pisan kailhaman ku carita-carita anu geus nyampak di masarakat, kayaning dongeng, lalakon wayang, carita sajarah, babad, carita misteri jeung nu lianna.

Nyokot atawa nginjeum sarta ngolah carita anu geus nyampak téh bisa lumangsung boh sacara torojogan boh nyalinker, boh langsung boh teu langsung, anu tarap hubunganana bisa mangrupa unsure pangwangun carita, di antarana ideu, tema, alur, tokoh, latar, jeung gaya basa.

Patali jeung éta Jonathan Culler (1977) kungsi nyebutkeun yen teks the mangrupa jénggléngan seserépan jeung transformasi tina teks saméméhna. Éta hal sarua hartina yén teks-teks sapandeurianana the, nyokot atawa nginjeum unsure-unsur nu dianggap payus tina teks-teks saméméhna. Saterusna diolah kalawan ngagunakeun daya imajinasi jung kontemplasi sarta digunemkeun jeung pangalaman batin pangarang. Sanggeusna kitu éta teks téh disodorkeun deui ka nu maca pikeun diapresiasi, dina wangun jeung wanda anyar. Ku kituna, sanajan hiji karya nyokot atawa nginjeum sarta ngagunakeun unsur carita tina anu geus nyampak, tapi sabab geus diolah deui ku daya imajinasi, konsep éstetika, horizon harépan, jeung jihat sawangan pangarang, éta karya anu gelar téh tetep waé mangrupa karya anu anyar.

Pangarang kalawan ngagunakeun kakuatan imajinasi, wawasan éstetika, jeung horizon harépan, ngolah jeung nyokot karya-karya anu geus nyampak, boh konvensi, wangun eusi, boh unsur sejenna, jadi karya anu anyar, unsure-unsur anu diserep téh bisa écés keneh katiten, atawa geus jadi samar-samar. Ieu hal luyu jeung *superioritas* pangarang anu miboga daya kréativitas luhung pikeun nolak jeung baruntak kana hal-hal anu dianggap geus jadi konvési atawa didawamkeun.

Robahna wngun, wanda, eusi carita, jeng nu lianna, aya anu linier, aya ogé anu dijungkirbalikkeun atawa didekonstruksi (minangka aweuhan tina paham postmoderenismeu). Paham dekonstruksi ngadobrak jeung baruntak kana anggapan nu nyebutkeun yén basa, oge sastra, geus miboga ma'na anu tetep, pasti, jeung tangtu. Ngadékonstruksi hiji wacana (sastra) nyaéta ngaruntagkeun dasar palsapahna, atawa nyiptakeun lalawanan tatapakanana, ku cara ngidentifikasi wangena operasional rétorika anu aya dina konsepna (Culler, 1983). Ku éta hal bisa kapireng yen maksud dékonstruksi téh nyaéta pikeun nimu ma'na kontradiksina atawa ma'na ironisna.

Dnai tradisi sastra Sunda, proses nginjeum atawa nyokot carita heubeul minangka sungapan carita anyar téh geus remen kapanggih, contona dina karya-karya Satjadibrata, R. Méméd Sastrahadiprawira, Moh. Ambri, Ahmad Bakri, Yus Rusyana, Tatang Sumarsono, Yoseph Iskandar, Godi Suwarna jeung Dian Héndrayana. Minangka conto, di antara éta pangarang-pangarang téh, dua pangarang anu disebutkeun pandeuri mah lain waé nyokot atawa nginjeum sungapan tina carita heubeul, tapi dibarung ku ngajungkirbalikkeun pakemna.

Dina kumpulan carpon “*Serat Sarwa Satwa*” karya Godi Suwarna, carita *Serat Smaradahana* jeung *Serat sarwa Satwa* mangrupa dua carpon Godi anu yokot bahan atahanana tina carita wayang. Dina carpon *Serat Sarwa Satwa*, dua tokoh tina epos India anu béda, ditepungkeun dina hiji jujutan carita. Rahwana musuh gerotna Rama tina epos Ramayana, diaduhareupkeun jeung Pandawa, musuh Kurawa tina epos Mahabrata.

Mimiti carita dibuka, nu maca diajak wanoh kana latar gubragna Rahwana, Kumbarakarna, jeung Sarpakanaka, jeung Wibisana. Terus nu maca digigila ku watek

barangasanana Rahwana, Kumbakarna, jeung Sarpakanaka (iwal Wibisana). Éta tilu tokoh téh ngarenyang-renyang jeung ngarécah wanoja.

Di tengah carita, watek barangasan éta tokoh-tokoh téh dibalikkeun ku Godi jadi tokoh anu haat mela rahayat. Rahwana anu ilaharna mangrupa tokoh nu dipicua, didékontruksi ku Godi jadi tokoh anu dipikaresepeun balaréa. Pandawa anu dina imaji saréréa mangrupa tokoh anu dipikayungyuneun jeung picontoeun: upamana waé Yudistira raja anu adil wijaksana, Bima panglima perang anu tara jejerih pati dina mela bebeneran jeung béla nagara, Arjuna satria tigin dina babakti ka sasama, kitu deui Nakula jeung sadéwa miboga sipat-sipat anu mulya, didékonstruksi ku Godi jadi pamingpin karajaan anu dolim jeung angkara, nu ngalantarankeun rahayat jadi malarata jeung sangsara.

Rahwana sadulur-dulur anu diangkat darajatna ku Godi jadi pahlawan, teu weléh diugung-ugung jeung di rubung-rubung ku para galandangan jeung masarakat-masarakat. Éta hal beuki nimbulkeun kateuneung jeung ka ludeung Rahwana sadulur-dulur pikeun ngajorag Amarta. Saméméh mangkat ka pangperangan, Wibisana sasahat heula ka lanceuk-lanceukna sangkan musuh anu geus teu walakaya ulah digahala, ulah ngagalaksak, ulah ngaganggu awéwé jeung budak.

Ngan waé nalika Pandawa kadeseh, hasil dekonstruksi éta watek tokoh-tokoh téh ku Godi dibalikkeun eui ka asalna. Rahwana, Kumbarakarna, jeung Sarpakanaka, jadi tokoh garang jeung barangasan deui. Gedong-gedong diduruk, toko-toko dirampog, awéwé diperkosa. Rahwana merkosa Drupadi. Kumbarakarna ngagorogotan daging Bima, jeung Sarpakanaka mirusa Arjuna, iwal Wibisana anu tetep tigin.

Dina ieu carpon aya dua wangun dékonstruksi anu ditibankeun ka tokoh-tokohna. Rahwana didékonstruksi sanajan saheulaanan, jadi tokoh protagonist. Asalna barangasan, jadi pahlawan, jadi deui barangasan. Pandawa didékonstruksi sacara tetep (pérmanén) jadi tokoh antagonis anu dolim jeung angkara, nepi ka pantes lamun kudu ditumpes sarta sina palastra.

Kitu deui dina *Serat Smaradahana*, watek Rahwana didékonstruksi ku Godi jadi pribadi anu insap, taat kana papagon agama sarta lemah lembut ka sasama. Sabalikan, watek Rama dijadikeun tokoh anu umangkeuh, rasa aing titisan Wisnu anu ditugaskeun numpes angkara, nepi ka Rahwana sadulur-dulur anu geus insap ogé rék ditandasa.

Dewi Sinta anu kungsi diiwat ku Rahwana, sacara iklas rék dipulangkeun deui ka Sri Rama, padahal dina carita anu ilaharna mah pan, pikeun nyokot deui Dewi Sinta téh kudu ditebus ku perang rongkah, malah dibantu pasukan monyét sagala anu diluluguan ku Sugriwa jeung Anoman. Tapi di dieu mah nalika Anoman rék mapagkeun Dewi Sinta, ku rahwana kalah dikopkeun sina dibaa, nagan waé Dewi Sinta na anu mugeun embung mulang ka Sri Rama, pedah apaleun rék dibeuleum. Antukna Dewi Sinta dianteurkeun ku Rahwana sadulur-dulur kana karéta kancana. Barang ajog ka herupeun Sri Rama, lain dipapag ku budi anu marahmay, ieu mah kalah diajak perang. Dewi Sinta ditampik sarta dituding geus ngalakukeun nirca jeung Rahwana. Sikep Rahwana anu handap asor dibarung ku sumujud sagala, kalah dibales ku amarah jeung kacua. Antukna Rahwana saporakanca mundur terus melesat ka jomantara. Di jomantara Rahwanan amprok jeung Batara Narada. Rahwana meunang paréntah sangkan numpes angkara murka, nyaéta Sri Rama sabalad-balad.

Dina carpon *Serat Smaradahana*, aya sababaraha hal anu didekonstruksi ku Godi, di antarana watek Rahwana anu garang jeung barangasan, dijadikeun pahlawan jeung sinatria. Dewi Sinta anu pengkuh micinta rama, jadi kapincut ku Rahwana sarta wegah mulang deui ka Sri Rama. Rama anu ayem jeung wijaksana, dijadikeun tokoh angkara murka, sarta Anoman anu satia bela ka Rama, jadi ponteng ka Rahwana. Lian ti dua carita di luhur, réa kénéh karya Godi

anu ngagunakeun pola sarupa kitu téh, boh dina kumpulan carpon “*Murang Maring*” boh dina “*Serat Sarwa Satwa*”.

Anapon dina kumulan carpon Dian, carita anu naggunakeun pola sarupa kitu téh di antarana dina *Kalngkang Riwan*. Dina éta carpon, carita dibuka ku nalika Rama kudu luna nyuksruk kidang kancana. Horéng éta téh mangrupa muslihat Rahwana anu saéngko jeun Sinta, da sanggeusna ditinggalkeun ku Rama mah, Lasmana anu milu hariwang jeung miboga rasa tanggung jawab pikeun ngajaga Sinta ogé, klaah dituding boga niat codéka, nepika ditundung sina indit. Sanggeusna ditinggakeun ku rama jeung Lasmana, Sinta tuluy ngabiur jeung Rahwana. Pamustunganan Lasmana dituding ngagunasika sinta ku Rama.

Dina éta carita, watek Sina salaku wanoja satia, didékonsruksi ku Dian jadi mojang cidra anu milampah nirca jeung Rahwana. Kitu deui Sri rama, salaku tokoh anu kacatur asak jejeuhan, robah jadi manusa anu gereges-gedebug dina nyieun hiji putusan, nepi ka niding adina sorangan anu deleka.

Carpon Dian lianna nyaéta *Lalakon Bingbang*, anu nyokot bahan caritana tina sajarah bubat. Ki Danar anu ditugaskeun ku Majapahit pikeun ngagambar Citraresmi, bét mangkak rasa asihna ka tukang gambar. Ari carita satuluyna mah prah waé sakumaha ilaharna perang bubat, ngan dina tungtung carita dipungkas ku rasa simpatina Ki danar ka urang sunda, nepi ka manéhna hijrah ka tatar Galuh Beulah kidul tur imah-imah jeung urang Sunda.

Lebah Ki Danar kapincut ku Citraresmi, tur Citraresmi sarua bangun nu léah jeung kapiati ka Ki Danar, éta pisan anu mangrupa hasil dékonstruksi nu dilakukeun ku Dian. Anapon tehnik nyaritakeunana, Dian naggunakeun Ki Danar salaku tokoh carita sarta sakaligus mingka corong carita (miangka *point of view* ngaliwatan *flash back* carita anu dilakonkeun ka incuna).

Boh dina karya Godi boh dina Karya Dian, carita anu nyampak di masarakat téh geus di ropéa ku cara ditransfirmasi jeung didékonstruksi, sarta dibéré ma'na kontradiksi, paradok, jeung irni, nepi ka ngwujud jadi carita anyar anu matak ngirut. Situasi carita anu geunjeung jeung pacampuh akibat polah tokoh-tokohna, bisa ngeundeurkeun rasa nu maca, nepi ka srengsena maca éta carita, batin nu maca jadi milu pacampuh jeung tagiwur. Ari sababna, lanataran tokoh-tokoh anu saméméhna geus aya dina rekaman batin nu maca minangka tokoh anu dipameumeut jeung pikeyungyuneun, robah jadi tokoh jahat jeung pikacuaeun.

Nitenan hal diluhur, tetela pisan yen nyokot atawa nginjeum sarta ngjungkirbalikkeun pakém téh bisa dijadikeun hiji tarékah pikeun nyiptakeun karya anu anyar, anu didasaranku karya-karya anu geus nyampak di masarakat minangka hipograma. Dina émprona, éta kréasi anyar téh bisa dilakukeun ku dua cara, nay éta tetep ugon kana tradisi jeung konvensi, atawa nyiptakeun kanyataan anyar anu luyu jeung réalitas kahirupan ayeuna.

*Dimuat dina *Galura*, Edisi 14/Taun 14.